# PEDAGOG - TÁRBIYASHINIŃ KÁSIPLIK KOMPETENTLIGIN RAWAJLANDIRIWDA METODIKALIQ XIZMETTIŃ ROLI

**Ataniyazova Iroda Abdullayevna**
*Taqiyatas pedagogika kolleji oqıtıwshısı*

DOI https://doi.org/10.5281/zenodo.15079455

***Annotaciya.*** *Bul teziste mektepke shekemgi jastağı bala shaxsınıń rawajlanıwında tayanısh wazıypanı tárbiyashınıń qoyılğan talaplarğa qanshelli muwapıq ekenligi belgilep beredi. MSHBSH tárbiyashısı, bárinen burın, balanıń keleshegi, tágdiri ushın joqarı juwapkershilikti tolıq ańlap jetiwi zárúr ekenligi aytıp ótilgen.*

***Tayanısh sózler:*** *tárbiyashı pedagog, bolanıń fizikalıq hám psixologiyalıq rawajlanıwı, tálim-tárbiya, shaxsiy tayarlıq, kásiplik tayarlıq, refleksiv tayarlıq.*

Mektepke shekemgi blimlendiriw shólkemlerinde pedagogikalıq processti sıpatlı ámeliyatqa engiziw respublikanıń bilimlendiriw sistemasında alıp barılıp atırğan reformalardıń orınlanıwın támiyinlew, mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemi tárbiyashılarınıń ruwxiy kórinisi hám de kásiplik sheberliklerine de baylanıslı. Házirgi kúnge shekem MSHBSH tárbiyashılarınıń kásiplik iskerligi pedagog hám psixologlardıń izertlew obyekti hám predmeti bolıp kelmekte. Mektepke shekemgi jastağı bala shaxsınıń rawajlanıwında tayanısh wazıypanı tárbiyashınıń qoyılğan talaplarğa qanshelli muwapıq ekenligin belgilep beredi. MSHBSH tárbiyashısı, bárinen burın, balanıń keleshegi, tágdiri ushın joqarı juwapkershilikti tolıq ańlap jetiwi zárúr. Tek mektepke shekemgi jastağı balanıń rawajlandııw áhmiyetli qádiriyat ekenligin túsiniw ğana emes, al balanıń rawajlanıw nızamlılıqlarına baylanıslı bilimlerdi de iyelewi júdá áhmiyetli. Mine, usınday nızamlılıqlardan biri – balanıń fizikalıq hám psixikalıq rawajlanıwınıń onı qorshap turğan ortalıq penen baylanıslılığı bolıp tabıladı. Bul nızamlılıq, óz gezeginde, MSHBSH tárbiyashısınıń tómendegi eki áhmiyetli funkciyasın belgilep beredi:

1) balalardı jaqsı tárbiyalaw ushın zárúr pedagogikalıq sharayatlar jaratıw;

2) olardıń ómirlik iskerliginiń qáwipsizligin támiyinlew hám densawlığın bekkemlew [1].

Tárbiyashınıń balalardı jaqsı tárbiyalaw ushın zárúr pedagogikalıq sharayatlar jaratıw funkciyası balanı belsendilikke iytermelew, onı rawajlandırıwshı xarakterdegi iskerlikke tartıwdı talap etedi. Balanıń fizikalıq hám psixologiyalıq salamatlığın bekkemlew haqqında ğamqorlıq etiw mektepke shekemgi jastağı tárbiyanı aqılğa muwapıq shólkemlestiriwdiń girewi bolıp, sebebi, bul jas dáwiriniń rawajlanıwı balanıń sociallıq jağdayı, keypiyatı, emocional kórinislerine tikkeley baylanıslı. Mine, usı sebepli tárbiyashı balanı qorshap turğan ortalıqqa itibarlı bolıwı, balanıń

ómiri hám densawlıǵına qáwip salıwshı eń ápiwayı jaǵdaylardıń da aldın alıwı lazım. Yaǵnıy, tárbiyashı balalar baqshası maydanshası, oyınshıqlar, mebel úskeneleriniń balanıń boyına say keliwi jaǵdayın turaqlı qadaǵalap barıwı, hawa hám suw temperaturasın ólshew, balalardı tayarlaw ushın shınıǵıwlar waqtın aldınnan anıqlawı lazım. Sonı ayrıqsha atap ótiw kerek, tárbiyashınıń itibarsızlıǵı, biypárwalıǵı onıń kásiplik tájiriybesizliginiń bir belgisi bolıp tabıladı.

Zamanagóy tárbiyashı psixologiyalıq, pedagogikalıq, sociologiyalıq izertlewlerge tayanǵan halda bala shaxsınıń rawajlanıwı ushın onıń tásirin hesh nárse, hátte, joqarı kategoriyalı bilimlendiriw mákemesi de basa almaytuǵın shańaraq ekenligin ańlap jetedi. Tárbiyashı ata-analardıń pedagogikalıq mádeniyatın turaqlı arttırıp barıwı, balalar tárbiyasında belsendi birge islesiwdi jolǵa qoyıwı, bul processte sociallıq járdemge mútájlik seziwshi shańaraqlar menen óz aldına jumıs alıp barıwı maqsetke muwapıq

Zamanagóy MSHBSH tárbiyashısınıń tómendegi kásiplik funkciyaların da ajıratıp kórsetiwimiz lazım:1) ata-analardıń aǵartıwshılıq bilimlerin arttırıwda qatnasıw;2) shańaraq hám MSHBSH tárbiyalıq tásirin basqarıw hám de sáykeslestiriw.Zamanagóy demokratiyalıq jámiyette mektepke shekemgi bilimlendiriw isine qoyılıp atırǵan talaplar tárbiyashıdan turaqlı ráwishte óziniń ulıwma mádeniy hám kásiplik tayarlıǵın bayıtıp barıwdı talap etedi. Bul bolsa, óz gezeginde, MSHBSH tárbiyashısınıń kásiplik iskerliginiń jáne bir baǵdarı – óz betinshe bilim alıwdı shárt etip qoyadı. Óz betinshe tálimniń maqseti – basqıshpa-basqısh tárbiyashı shaxsın rawajlandırıw, kásiplik sheberligin arttırıp barıwdan ibarat.

Joqarı oqıw orınlarında hám mektepke shekemgi bilimlendiriw baǵdarında da qánigelik pánleriniń óz betinshe tálim túrli formalarda, yaǵnıy, kásipke baylanıslı, kórkem ádebiyatlar menen tanısıw, olar tiykarında anıq belgilengen temalarda konspekt tayarlaw, muzeylerge barıw, konferenciya, kórgizbe hám konkurslarǵa qatnasıw jumıslar tiykarında shólkemlestiriliwi maqsetke muwapıq sanaladı.

Pedagogikalıq iskerliktiń dóretiwshilik xarakterge iyeligi tárbiyashıdan aldıńǵı is-tájiriybelerdi úyreniw, innovaciyalardı ózlestiriw hám ámeliyatqa engiziwdi talap etedi. İnnovaciyalardıń jedel kirip keliwi tárbiyashılardı ilimiy-izertlew jumıslarında tartıw zárúrligin júzege keltiredi. Tárbiyashılardıń bunday izertlew jumıslarına tartılıwı keyin ala erisilgen nátiyjelerden óz iskerliginde tabıslı paydalanıwǵa múmkinshilik beredi [2].

Sonday-aq, tárbiyashı óz kásibiniń sheber ustası bolıwı ushın arnawlı tayarlıq kóriwi kerek. Ol tómendegi shártlerge ámel etiwi lazım:

1. Tárbiyashı jas áwladtı tárbiyalaw ushın joqarı maǵlıwmatlı, kásiplik bilimlerdi puxta iyelegen, zárúr metodikalıq ádebiyatlardı tańlay alatuǵın, ilimiy ádebiyatlar menen isley alatuǵın, aldınǵı tájiriybeli pedagoglardıń tájiriybesin úyrenip, óz jumısında qollana alatuǵın shaxs bolıwı lazım.

2. Tárbiyashı baqlawshılıq qábiletin jaqsı iyelegen, olardıń minez-qulqı, is-háreketlerin talqılap, balaǵa unamlı tásir etiwshi qurallardı taba alatuǵın bolıwı kerek.

3. Tárbiyashılardıń biliwge qızıǵıwshılıqların arttırıw, olardıń qarım - qatnas sóz baylıǵın rawajlandırıw ushın tárbiyashınıń sózi tegis, anıq, logikalıq ıqsham hám túsinikli bolıwı kerek. Tálim-tárbiya beriwde zamanagóy pedagogikalıq hám kórsetpeli texnologiyalarınan paydalana alıwı lazım. Tárbiya procesinde tálimniń interaktiv oyın metodlarınan nátiyjeli paydalana alıwı zárúr.

Joqarıda bayan etilgen MSHBSH pedagoglarınıń kásiplik iskerligine baylanıslı funkciyaları hám «Mektepke shekemgi bilimlendiriw Koncepciyası»na tiykarlanǵan halda zamanagóy tárbiyashılardıń kásiplik kompetentligin belgilewshi tayarlıqtıń úsh tárepin ajıratıp kórsetilgen: [3] Jeke tayarlıq; Kásiplik tayarlıq;Refleksiv tayarlıq;

Jeke tayarlıq – tárbiyashı shaxsında qaliplesiwi lazım bolǵan sıpatlardı ózinde sáwlelendirip, olarǵa gnostikalıq (biliwge baylanıslı) qábiletler (ilimiy maǵlıwmatlar menen isley alıw, ilimiy bilimlerden ámeliyatta maqsetke muwapıq paydalana alıw, pedagogikalıq wazıypalardı joqarı sheberlik penen sheshe alıw); shólkemlestiriwshilik qábiletleri (tálim-tárbiya jumısların shólkemlestiriw hám ámelge asırıw ushın qolaylı sharayat jaratıw, shınıǵıwdıń forma, metod hám quralların tańlay alıw, waqıttı durıs bólistiriw, oqıw procesin zárúr úskeneler menen támiyinlew, ǵalaba ilajlardı rejelestiriw hám ótkeriw); kommunikativ qábiletler (simbollardı mektepke shekemgi jas ózgeshelikleri menen baylanıslılıqta túsinikli usına alıw, jaǵday menen baylanıslılıqta belgilerdi uzatıw metod hám usılların ózgerte alıw, kásiplik iskerlik procesinde pikirlesiwdi aqılǵa muwapıq ámelge asıra alıw hám basqalar)dı kirgizemiz.

Ózbekstan Respublikası birinshi Prezidenti I.A. Karimovtıń belgilep kórsetkenindey 2012-jıl 10-dekabrdegi «Shet tillerin úyreniw sistemesın bunnan bılay da jetilistiriw is-ilajları haqqında»ǵı PQ-1875-sanlı qararına muwapıq, pedagoglardıń shet tilin, sonıń ishinde inglis tilin biliwi kásiplik tayarlıq talap etedi. Sonday-aq, tárbiyashınıń kásiplik iskerligi ushın ayrıqsha áhmiyetke iye bolǵan kónlikpe hám tájiriybelerdi óz ishine qamtıp aladı.

Refleksiv tayarlıq – tárbiyalıq process nátiyjelerine tiykarlanǵan halda tárbiyashınıń aldaǵı iskerligin rejelestiriw imkaniyatın berip, onıń úsh túrdegi

refleksiv qábiletin óz ishine qamtıp aladı: obyektti seziw, ólshewdi biliw hám baylanıslılıq sezimi.

Tárbiyashı mektepke shekemgi jastaǵı balalardıń tálim hám tárbiyasında oyınlardıń rolin tolıq ańlay alıwı lazım. Mektepke shekemgi tálim balanı salamat, hár tárepleme kamal tawıp qáliplesiwin támiyinleydi, onda oqıwǵa umtılıw sezimin oyatadı, onı áste-aqırın tálim alıwǵa tayarlaydı. Mektepke shekemgi tálimde 6-7 jasqa shıqqansha mámleketlik hám mámleketlik emes mektepke shekemgi tálim balalar mákemelerinde hámde shańaraqlarda ámelge asırıladı. Mektepke shekemgi tálimniń maqseti hám wazıypaların orınlawda máhalleler, jámáát hám hayriya shólkemleri, xalıqaralıq fondlar belsene qatnasadı. Mektepke shekemgi tálimdi rawajlandırıw ushın tómendegilerdi ámelge asırıw lazım boladı:

- qánigeli tárbiyashı hám pedagog kadrlardı joqarı dárejede tayarlaw;-mektepke shekemgi tálimniń nátiyjeli pedagogikalıq usılların izlew hám en jaydırıw;

-balalardı shańaraqta tárbiyalawdıń shólkemlestiriwshilik, pedagogikalıq hám metodikalıq tárepten táminlew;-zamanagóy oqıw-metodikalıq qollanbalar, texnikalıq qurallar, oyınshıqlar hám oyınlar jaratıw hámde olardı islep shıǵarıw;-mektepke shekemgi jastaǵı balalarǵa bay mádeniy-tariyxıy mirası hám ulıwma insanıylıq qádriyatlar tiykarında ruwhıy hám ádep-ikramlılıq tárepten tárbiyalaw ushın shárt-sharayatlar jaratıw;-mektepke shekemgi mákemelerdiń hár qıylı túrleri ushın túrli variantlardaǵı dástúrlerdi tańlap alıw, -mektepke shekemgi tálimniń barlıq máseleleri boyınsha qánigelik másláhát xızmetin kórsetiw imkaniyatın jaratıw;-mektepke shekemgi tálim hám salamatlastırıw mákemeleri tarmaqların qollap- quwatlaw hám rawajlandırıw mexanizmin islep shıǵıwdan ibarat.

**Ádebiyatlar**

1. Sodikova Sh. A. Maktabgacha pedagogika-T: 2013.
2. Sh.Mirziyoyev 2017-2021 yillarda O‘zbekistonni rivojlantirishning beshta ustivor yo‘nalishi bo‘yicha xarakatlar strategiyasi. 7-yanvar. 2017.
3. Ilk qadam. O‘quv dasturi.-T:2018.